Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.

Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 10 (6471) 22 февраль 2016 с. Итни Жумадул авал 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 23 февраль – ВатIан цIунулезул къо

ГIадатлъун лъугьухъе, щибаб соналъул 23 февралалда Россиялъул гIемермиллатазулаб халкъалъ ва бахIарчиял яргъилал къуватаз кIодо гьабула ВатIан цIунулезул къо. Бищунго хIурматиял байрамазул цояблъун ккола гьеб. ВатIан цIунулезул къоялъ нилъер халкъалъ кIодо гьарула пачалихъалда цере Россиялъул солдатазул чIахIиял гьунарал.

Нилъер солдатаз бахIарчилъи бихьизабуна КIудияб ВатIанияб рагъда, гьелда цересел рагъазда. БахIарчиял умумузул мустахIикъал ирсилаллъунги рукIун, улкаялъул яргъилал къуватазул хIурматияб байрахъ борхатго ккун буго жакъа Россиялъул армиялъ. Гьелъ жиндирго хIурматияб борчлъун рикIкIунеб буго Россиялъул гIадамазул эркенлъи ва хIинкъи гьечIолъи ясбер гIадин цIуни. Гьеб армиялда мустахIикъаб къагIидаялда рагъулаб хъулухъ гьабулеб буго Гумбеталдаса васазги.

РакI-ракIалъ баркула КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазда, районалъул киналго гIадамазда, Венгриялда, Чехословакиялда, Афгъанистаналда, Таджикистаналда, Чачан республикаялда рагъулал тунка-гIусиязда гIахьаллъаразда, Чернобылалъул авариялъул зарал лъугIизабиялда хIалтIаразда тIаде щолеб бугеб байрам – ВатIан цIунулезул къо. Гьарула киназего щулияб сахлъи, ракълилаб ва талихIаб гIумру. Биччанте кидаго щивасда тIад букIине гвангъараб бакъ, роцIцIараб зоб. Камугеги щивасул гъанситоялда лъималазул рохалилаб релъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РАКЬ СОНГИ ЖАКЪАГИ

## Борхалъуда гурони цIумал чIоларо

### Район социалияб, экономикияб ва рухIияб рахъалъ цебетIеялъул хIакъалъулъ

**РекIее лъикIаб асар гьабуна Дагъистан Республикаялъул бетIерас тIадеги ахIун, Гумбет районалъул бетIерасул хIалтIуе лъикIаб къимат кьеялъ. Дагьаб цебегIан букIараб дандчIваялда Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас лъикIаб къимат кьуна Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул хIалтIуе, халкъияб Собраниялъул депутатал СайгидахIмад АхIмадовас ва НурмухIамад ГIалиевас район цебетIезабиялъул лъурабхIаракаталъе. Гьелда тIадеги, районалъул магIишатияб цебетIеялъул бицана хIукуматалъул вице-премьерал Раюдин Юсуповас ва Билал ГIумаровас. ХIакъикъаталдаги район цебетIолеб буго, борхулеб буго гIадамазул яшав, камиллъулел руго росаби.**

Гьеб гьедин буго, амма дие дагьабги кIудияб асар гьабула районалде машинаялда рекIараз «машааллагь, хIалчIахъаги гьаб нух гьабуразулин» абулеб рагIараб, росабалъ гьанжесел шартIазда дандекколел спорталъе майданал къачIалел рихьараб, баданиял рукъзабахъ экстремизм-терроризмалда данде къеркьей кутаклъизабулеб бихьараб мехалъ. ХIисаб гьабе, цадахъ районалъул имамги вачун, ана МухIамадгIали МухIамадгIалиев Москваялде гьенир ругел нилъер гIолохъабазулгун дандчIвай гьабизе. Нилъер тарихалъул цIияб тIамач ккола гьеб. Дагъистаналъул бетIерасда цебе Гумбеталъул вакилзабаз, районалде газ бачиналъул суалги борхана. Иншааллагь , кватIичIого хъахIилаб цIатари щвела росабалъеги. Гьеб букIина нилъер тарихалъул цогиги тIамач.

**Исрапил Заирбегов**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ. РАГЪУХЪАБИ-ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

## МелъелтIа маданияб идараялда – «афгъаназул» къо

### БахIарчи цоцIул хола, хIалихьат нусцIул хола

**2016 соналъул 15 февралалда Гумбет районалъул МелъелтIа росдал маданияб централда тIобитIана Афгъанистаналдаса аскарал нахъе рачаралдаса 27 сон тIубаялда хурхараб тадбир.**



Гьенир гIахьаллъана Ме-лъелтIа росдал администрациялъул нухмалъулев **МухIамад ГIабдулнасиров,** МелъелтIа росулъ вугев участковияв инспектор **Мухтар ГIабдурахIманов**, Афгъанистаналда ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназул гIахьалчи **МухIамадрасул Сулейманов** ва цIалдохъаби.

Тадбир рагьун кIалъазе яхъана МелъелтIа росдал маданияб централъул нухмалъулей **ГIазра РурухIмаева.** Гьедин-го кIалъазе вахъана МелъелтIа росдал администрациялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулнасиров, участковияв инспектор полициялъул майор Мухтар ГIабдурахIманов ва цогидалги.

ЦIалдохъабаз рихьизаруна рагъда хурхарал номерал.

Афгъанистаналда букIараб рагъул бицун кIалъазе вахъана гьелъул гIахьалчи МухIамадрасул Сулейманов.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**13 эбелалъе – президентасул шапакъат**

-2 гьум.



**Ругьдал унти тIибитIичIого букIине**

-2 гьум.



РЕКIАРАСДА ЛЪЕЛАВГИ ВИХЬУН

# 13 эбелалъе – президентасул шапакъат

### 2015 соналъул хIасилал: 5185 чиясе – 5 миллионгун 411 азарго гъурущ

**МухIамадрасул Эсенбулатов гьавуна МелъелтIа росулъ, гьоркьохъеб школа лъугIун хадуб хъулухъ гьабуна армиялда. ЗахIматалъулаб хIаракатчилъиялда байбихьана 2002 соналъ Гумбет районалъул гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул специалистлъун хIалтIиялдасан. 2015 соналъул май моцIалдасайин абуни МухIамадрасул хIалтIулев вуго управлениялъул нухмалъулевлъун. Буго тIадегIанаб лъай, лъугIизабуна финансазул ва правоялъул институт.**

«Гумбет» газеталъул хIалтIухъан дандчIвана Эсенбулатовгун бакъулъулазул гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул рахъалъ ахIвал- хIалада тIасан гьесулгун гара-чIвари гьабуна.

**- МухIамадрасул, кинал хIасилалгун нухда регIараб 2015 сон УСЗНалъул коллективалъ?**

- Управлениялдасан гIарцулал сурсатал щолев, нижеца хъулухъ гьабулев 5185 чи вуго. 2015 соналъ кьун буго 5 миллионгун 411 азарго гъурущ. Амма кризисалда бан, министерствоялдаса гIадамазе кьезе 8 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ бачIинчIолъиялъ, коммуналиял хъулухъал щолел хIалтIухъабазе гIарац щун гьечIо. Коммуналиял хъулухъал щолев 180 медицинаялъул хIалтIухъан, 36 социалияв, 23 ветеринарияв, 54 культураялъул хIалтIухъан, 625 учитель, 292 гIемерлъимал ругеб хъизан, 451 захIматалъул ветеран, 751 инвалид, 7 репрессия гьабурав чи вуго.

ЗахIматалъул ветераназе, тылалда хIалтIаразе, репрессия гьабуразе араб соналъул сентябрь, октябрь, ноябрь, декабрь моцIазул гIарац кьечIого хутIун букIана республикаялдасан районалде рехичIолъиялда бан. Нижеца гIарац гIадамазе почалъул отделениязул хIалтIухъабаз щвезабизе битIула. Гьеб ункъабго моцIалъулги февралалда кьолеб буго. Нижер счеталде министерствоялдасан гIарац бачIинелдеги УСЗНалъул хIалтIухъабаз щибаб моцIил отчетал хIадурула кьезе бугеб гIарацги бихьизабун.

Рагъул гIахьалчагIазул ункъгоял руго районалда, гьезие щивасе щибаб моцIие 2 азарго гъурущ араб соналъ тIубан кьуна. ХIалтIуда гьечIев чи хвани гьев вукъиялъе гIарацги кьола. Араб соналъ гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазул членазе гьеб гIарац кьуна, 2016 соналъул январь моцIалъ документал рачIарал ункъгоял хутIун руго кьечIого. 1 февралалдаса 5277,28 гъурущалде бахана гьеб.

**- Лъималазе пособиял, лъималазе хъулухъ гьабулей эбелалъе, лъимер гьабидал цо нухалъулаб выплата (подарочная) кьеялъул кинаб хIал букIараб араб соналъ, гьеб соналъ гIарцулал сурсатал цIикIкIун гьечIищ? (Гьаб суалалъе жаваб кьолаго гIахьаллъана лъималазул пособиязул отделалъул нухмалъулей Загьра Зугьайроваги. Ред. баян)**

- Лъималазул пособиял, хIалтIуда гьечIел улбузе лъимадуе хъулухъ гьабун, щибаб моцIие кьолеб гIарац, лъимер гьабуралъе цо нухалъулаб выплата кьей лъикI буго гIуцIун. Цебе рехсовухъе цо-цо мехалъ нижее гIарац биччаялъулъ гьоркьор къотIиял кканиги, лъималазе щибаб моцIил пособие февраль моцIалъ кьуна, араб соналъ кьечIого хутIарал моцIазулги 2016 соналъул январь моцIалъулги. Гьеб налъи лъугIизабизе биччан букIана 2 млн. 128 азарго гъурущ.

1629 хъизаналда бугеб 4350 лъимералъе щола щибаб моцIилаб пособие. Хьиндалъиялъул зонаялда моцIие цо лъимадуе кьола 112 гъурущ, рорхатал мугIрузул зонаялде кколезе 129 гъурущ.

Лъимадуе хъулухъ гьабулей 344 эбелалъе щола пособие. Гьаб соналъ 1 февралалдаса 1,7% цIикIкIана гьеб. ТIоцебесеб лъимер гьабуралъе



щибаб моцIие 2908,62 гъурущ, кIиабилеб ва хадусел лъималазе 5817,24 гъурущ щолеб буго. Араб соналъ кьечIого хутIарал улбул гьечIо.

Цо нухалъ кьолеб выплатаялъул къадарги 1 февралалдаса 15512,65 гъурущалде бахана, гьеб къадар гIарцул кьола февралалъ ва гьелдаса хадур лъимал гьаруразе. Араб соналъ гьеб гIарац щвана 206 эбелалъе. Январь моцIалъ документал хIадур гьабурай 17 эбелалъе кьезе хутIун буго.

5 ва цIикIкIун лъимер гьабуразе кьолеб гIарацги буго президентский абураб. Гьезие кьола 10 азарго гъурущ, 2 ва 3 лъимер цадахъ гьабуралъе кьола 20 азарго гъурущ. Гьединаб гIарац 13 эбелалъе щвана.

ЦIияб цIалул соналда байбихьидал, гьал ахирияб соназ, дагьаб гIарац хъизаналъе щолезе кьолеб буго 2000 гъурущ тIоцебесеб классалде бачараб лъимералъе цIалул кьайи, ретIел босизе. 2015 соналъ гьеб гIарац кьуна 61 лъимералъе.

Буго нижер цо гьариги лъималазе щибаб моцIалъе пособие щолел умумузде – перерасчет гьабизе рачIине кколезде. Гьединав 711 чи вачIинчIо араб соналъ. Нижехъе бачIараб ахирисеб кагътаталда Дагъистаналъул хIукуматалъ 8638 гъурущ бихьизабун буго хъизаналда цо чи хIисаб гьабун, лъимадуе щибаб моцIилаб пособие щвезе ккани бегьулеб къадар. Гьелдаса тIаде доход цо чи хIисаб гьабун унеб гьечIони лъимадуе пособие щола.

**- Щибаб моцIилаб пособие щвеялъе щал документал УСЗНалде рачIине кколелали рехсани лъикIаб букIинаан.**

- Эбел-инсул кIиязулго паспортал ва копиял, пенсионниял страховиял свидетельстваби, лъимер гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство, хъизаналъул хIалалъул хIакъалъулъ справка, эбел-инсул цоязул цIаралда, пенсионнияб фондалдаса справкаби, эбел-эмен хIалтIулел ругони, ахирияб 3 моцIалъ щвараб харжалъул справка, хIалтIулел гьечIони, росдал администрациялдаса справкаби (кIиязего).

**- ГIарзал гIемер рачIунищ нужер хIалтIуда тIасан?**

- ГIарзал камун рукIинищха, хасго коммуналияб хъулухъ щолезул рахъалдасан рукIуна. 8 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ гьединазе кьун гьечIеб мехалда гIарзалъ рачIинчIого гьел чIеларо, гьезда гIайиб гьабизе бакIги гьечIо. Нижеецги бокьилаан, моцIи-моцIие кколеб гIарац кагътида бихьизабун течIого, гьезие щвезе. Министерствоялдасан бачIинчIолъиялъ, гьеб щвезе кколезукьа нечон, хIинкъун нижги, кидадай бачIинаян гьелги хутIун руго 6 моцIалъ. Дагьаб сабру гьабеян абун гурони, щибха нижеецаги гьабилеб.

**- Коллективалда чан чи вугев, мун разияв хIалалъ тIуразарулищ тIадал ишал?**

- УСЗНалда хIалтIулев вуго 11 чи. Щивас хIаракат бахъула тIадерачIаразул къваригIел тIубазе, гьезухъа документал къабул гьарун, хъвай-хъвагIай гьабизе, МФЦялде ва запросал рачIарал бакIазде справкаби кьезе.

Лъазе бокьараб суал бугони, ахIизе бегьула дихъе 26-213 номерялдасан, пособиязул отделалде 26-323 ва коммуналиял хъулухъазул отделалде 26-279 номераздасан. Нухмалъулес гIадамал къабул гьарулеб кьолъун чIезабун буго талат къо. Коллектив хIалтIула радал ичIго тIубаралдаса 18 тIубазегIан.

**-Баркала, МухIамадрасул. 2016 соналъ жиндир заманалда гIарацги бачIун, районалда гьеб щолезул щивасе кьезе щулияб сахлъиялда хутIаги нуж. 2016 абилеб МугIрузул сон социалияб хъулухъалдаса разиго нухда регIаги.**

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагъиз ХIадисовалъ**

ТIИБ

# Ругьдал унти тIибитIичIого букIине

### Рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**2016 соналъул 15 февралалда Гумбет районалда тIобитIана рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул ва туберкулезалде данде къеркьеялъул советалъул цадахъаб заседание.**

Гьоркьоб лъуна «Гумбет районалда туберкулезалъ гIадамал унтиялъул буго хIалалъул ва гьелдаса цIуниялъе гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ» суал.

Комиссиялъул заседаниялъул хIалтIи бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Гьенир гIахьаллъана комиссиялъул членал: районалъул централияб больницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадов,** районалъул педиатр **Марьям Жанахъаева,**



Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковиял уполномоченниязул отделалъул нухмалъулев **УхIумагIали Загьидов,** районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаев,** информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудинов,** районалъул терапевт **Камил Расулов,** ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев **ГIали ГIалиев** ва цогидалги. ЦРБялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас бицана туберкулезалъ гIадамал унтиялъул районалда бугеб хIалалъул. Гьесул баяназда рекъон, республикаялда гьоркьохъеб хIисабалда туберкулезалъ унтаразде данде ккун, районалда унтаразул процент гIодобегIанаб буго. Гьеб унти цудунго тIатинабиялъе хIалтIи гьабулеб буго. Масала, 14 сон бачIел лъималазул 99,6% туберкулиналъул проба лъун буго. Больницаялъул хIалтIуе кваклквал гьабулеб буго хьвадулеб флюорографиялъул аппарат гьечIолъиялъ. ЦIакъго хIажалъи бугеб мехалъ, гьединаб оборудование мадугьалихъ ругел районаздаса щолеб буго, заманалъе хIалтIизабизе.

Районалъул педиатр Марьям Жанахъаевалъ абуна цо-цо умумуз врачасулаб халгьабиялде лъимал рачине инкар гьабиялъ захIмалъаби дандчIвалин.

Райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна медхIалтIухъабазе гьеб суал тIубаялъе кумек гьабизе бугин, росабазул администрациязул нухмалъулел, участковиял, полициялъул цогидалги хIалтIухъаби рахьинарун.

Туберкулез тIибитIичIого букIиналъе гIоло къеркьей кутаклъизабиялде балагьараб гIатIидаб хIукму къабул гьабуна заседаниялда.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Авар мацIалъул олимпиада

**Гумбет районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда, 14 февралалда тIобитIана 7-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб авар мацIалъул олимпиада. Олимпиадалда гIахьаллъана районалъул ас-лиял ва гьоркьохъел школазда 55 цIалдохъан.**

Къецазул хIасилал гьарун 11 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикьлъана **ПатIимат Сайпилаева-** Данухъ СОШ, кIиабилеб бакIалъе **Касират Базарганова** – Гьадирихъ СОШ, лъабабилеб бакIалъе **Хамиз Мирзоева** – ЛъаратIа СОШ.

ТIоцебесеб бакI, 10 классазда гьоркьоб, **ХIайбат ЖабрагIиловалъ** – ТIад Инхо СОШ, кIиабилеб бакI **МухIамад Астимировас** – МелъелтIа СОШ, лъабабилеб бакI **МадихIат Исламхановалъ** – ЦIилиkь СОШ ккуна.

9 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **Камсият Астимировалъ** – МелъелтIа СОШ, кIиабилеб бакI **Гогьар Тажудиновалъ** – Игьали СОШ, лъабабилеб бакI **ПатIимат МухIамадрасуловалъ** – Гьоркь Инхо СОШ босана.

ТIоцебесеб бакI, 8 классазда гьоркьоб, **ГIали ГIабдурашидовас** – Данухъ СОШ, кIиабилеб бакI **Узу ЖабрагIиловалъ** – Игьали СОШ, лъабабилеб бакI **Пайзат МухIамадовалъ** - ЛъаратIа СОШ ккуна.

7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикьлъана **Загьра МухIамадова** – МелъелтIа СОШ, кIиабилеб бакIалъе **Шамил ПатахIов** – Цианалъ ООШ, лъабабилеб бакIал рикьана **РахIмат ГIусмановалда** – ЧIиркьатIа СОШ ва **Мадина ХIусеновалда** – Ингишо СОШ гьоркьоб.

**ГIайшат Исламбиева**

ИСЛАМАЛЪУЛ КАНЛЪИ

## ЦIиликьа цIалдохъабазул диниял къецал

**ЦIиликь спортзалалда тIобитIана школлъималазда гьоркьоб «Иман, Ислам, Суннат» абураб темаялда конкурс. Конкурсалда рукIана гьединго нилъер хирияв МухIаммад аварагасул (с. т. гI. в.) гIумруялъул ва гьединго как баялда хурхарал суалалги.**

Гьенир гIуцIана командаби «Нурул иршад», «Ислам» «Ассалам». Бищана жюри. Конкурс байбихьана КъурIаналъул аятал цIалиялдалъун. ЛъикIаб хIадурлъи бихьизабуна лъималаз. Бергьана «Нурул иршад» команда. Гьоркьор ахIана мавлидал.Киназго цадахъ ахIана АссубхIубада.Балагьарал разиго хутIана. ГIахьаллъаразе кьуна грамотаби. Гьеб конкурс хIадурарав, школалде практикаялъ вачIарав ДТИялъул 3 курсалъул студент Адам Насрудиновасе кьуна баркалаялъул кагъат.

**ГIазра Абубакарова**

## Игьали – МухIаммад аварагасул гIумру лъаялъул конкурс

**Игьали гьоркьохъеб школалда ункъабилел классазда гьоркьоб тIобитIана нилъерго хирияв МухIаммад авараг (с. т. гI. в.) лъаялда тIасан гьабулеб конкурс. Гьединго тIобитIана иман-исламалда тIасанги мавлид ахIиялъул конкурс.**

ГIисинал классазул лъималаз бихьизабуна тIадегIанаб лъай, аварагасул гIумру лъаялда тIасан. Гьезие щвана къиматал сайгъатал. Гьединго конкурсалда гIахьаллъи гьабуна Игьали гьоркьохъеб школалъул учительзабаз ва росдал мадрасаялъул мугIалимзабаз Юнусица ва Жамалудиница. Аллагьас гьезие тавфикъ кьеги хадубккунги гьединал байрамазда гIахьаллъизе ва динияб лъай борхизабизе.

**ГIалисултан Алхасов,**
**Игьали гьоркьохъеб школалъул мугIалим**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ


ЛъаратIа росу

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ. МУГIРУЗУЛ СОН

# Мини-футболалъул байдан, гIурухъ парк, гьалбадерил рукъ…

### Гьоркь Инхо Инхо росдал бегавул МухIамад Ибрагьимов: «Росдал гIадамазул гIумру лъикIлъизе, дихъа бажарараб гьабизе буго»

**МухIамад Ибрагьимов гьавуна 1963 соналъ Гумбет районалъул Гьоркь Инхо росулъ. Гьоркьохъеб школаги лъугIизабун 1982 соналъ цIализе лъугьана Дагъисталъул педагогияб пединститутальде. 1989 соналъ гьебги лъугIизабун хIалтIизе лъугьана Гьоркь Инхо росдал школалде учительлъун. Гьенив хIалтIана 26 соналъ. Учительлъун хIалтIулаго гьес кидаго жигараб гIахьаллъи гьабулаан росдал жамгIияб гIумруялъулъ. Гьелъго батила 2015 соналъ инхдерил жамагIаталъ гьев вищарав росдал администрациялъул бетIерасул хъулухъалде.**

МухIамадида цIияб хъулухъги баркун, хIалтIулъ бергьенлъабиги гьарун, байбихьана нижер накъит. КигIанго хасалил къварараб заман букIаниги, МухIамадица гIезегIанго хIалтIи гьабун буго. ГIурухъ къачIалеб буго мини - футболалъул байдан, гьес абуна гьеб букIине бугин футбол хIалеб байданилан. Гьединго гIурул рагIалда унел руго парк гьабизе хIадурлъиялъул хIалтIаби, гьенир кирго гъутIбиги чIун, скамейкабиги лъун, берцинго гьеб гIурул рагIал къачIазе хIисабалде босун буго.

Администрациялъул минаялда гьабун буго ремонт, босун буго гьенибе цIияб къайи. Гьабулеб буго гьениб жанибго гьалбадерил рукъ. ХIадурлъи гьабулеб буго 23 февралалъ росулъ торгIо хIаялъул къецал тIоритIиялде, росдал командабазда гьоркьоб. Росулъе щолеб бакIалда лъун руго чIахIиял игIланал, исанасеб сон МугIрузул сон букIин лъазе гьарулел. ГIолохъабазда гьоркьоби МухIамадица хIалтIи гьабулеб буго гIагараб ракьалде рокьи бижизабизе, школалда тIоритIулел, тадбиразда гIахьаллъи гьабун, гьезие ресалда рекъараб кумек гьабун.

**Исрапил Заирбегов**

DURA LEX, SED LEX ( СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Вступили в силу изменения в федеральные законы о регистрации прав и кадастре недвижимости

**Вступили в силу положения Федерального закона от 29.12.2014 № 391-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты», которым внесены изменения, в том числе в федеральные законы «О государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним» и «О государственном кадастре недвижимости».**

В соответствии с нововведениями в законодательстве обязательному нотариальному удостоверению подлежат сделки по продаже доли в праве общей собственности постороннему лицу, земельной доли и недвижимого имущества, принадлежащего несовершеннолетнему гражданину или гражданину, признанному ограниченно дееспособным, а также сделки, связанные с распоряжением недвижимым имуществом на условиях доверительного управления или опеки.

В соответствии с изменениями, внесенными в федеральный закон «О государственном кадастре недвижимости», орган кадастрового учета бесплатно предоставляет нотариусам при совершении нотариальных действий сведения, внесенные в государственный кадастр недвижимости, за исключением кадастрового плана территории в форме документа на бумажном носителе.

### Об Управлении Росреестра по Республике Дагестан

Управление Федеральной службы государственной регистрации, кадастра и картографии по Республике Дагестан (Управление Росреестра по Республике Дагестан) является территориальным органом Федеральной службы государственной регистрации, кадастра и картографии (Росреестр) осуществляющим функции по государственной регистрации прав на недвижимое имущество и сделок с ним, по оказанию государственных услуг в сфере ведения государственного кадастра недвижимости, проведению государственного кадастрового учета недвижимого имущества, землеустройства, государственного мониторинга земель, а также функции по государственной кадастровой оценке, федеральному государственному надзору в области геодезии и картографии, государственному земельному надзору, надзору за деятельностью саморегулируемых организаций оценщиков, контролю деятельности саморегулируемых организаций арбитражных управляющих на территории Республики Дагестан. Руководителем Управления Росреестра по Республике Дагестан является **Халидбег Алхасов.**

Контакты для СМИ
68-28-91
8 938 20-333-60 sultan-rosreestr@mail.ru
367013, Махачкала, пр-т Гамидова, д. 9 «а»

**Хасавюртовский ММО Управления Росреестра по РД**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

### «ХIинкъи гьечIеб сапар»

Дагъистан Республикаялда 2016 соналъул 8-17 февралалда тIобитIана «ХIинкъи гьечIеб сапар» абураб комплексниябгун профилактическияб тадбир. Нилъер районалъул ракьалдаги гIуцIа-къан ана гьеб тадбир. ГIадамал раччулеб транспорталъул авариял ккей дагьлъи, законалде данде ккolareб предпринимательлъиялъул хIаракатчилъи гьукъи ва цогидалги гIунгутIабазе ахир лъей мурадалда тIобитIараб тадбир букIана гьеб.

### «Тонировка»

2016 соналъул 20 январалдаса 20 февралалде щвезегIан тIобитIана оперативиябгун профилактикияб «Тонировка» тадбир. ГОСТ 32565 – 2013 ялде данде кколареб хIалалъ чIегIер гьарурал цIурдулгун машина бачине гьукъи, шоферзабазда цIурдуздаса чIегIераб гъат бахъизаби, инкар гьабурав административияб жавабчилъиялде цIай мурадалда тIобитIана гьеб тадбир.

**Расул Ахкубегов,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул ОГИБДДялъул нухмалъулев, полициялъул капитан**

## МелъелтIаса лъабго чемпион

**Гумбет, ГIахьвахъ, ЦIумада, Болъихъ районазул гугарухъабиги гIахьаллъун тIоритIарал зоналиял къецазда лъикIал хIасилал рихьизаруна Гумбет районалъул гугарухъабаз.**

Хасго МелъелтIаса вахъана 3 чемпион. 42 кг. цIайиялда Билал Гьиматовас, 63 кг. цIайиялда МухIамад Астимировас, 120 кг. цIайиялда КъурбанхIажи Загьидовас ккуна тIоцересел бакIал (тренерал Шамил Халидов, Мурад МухIамадов). Киналго чемпионазе МелъелтIа ДЮСШялъул рахьалдасан грамотаби ва спортивиял тIагьрал кьуна.

**ГIайшат Исламбиева**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦИЛ ОЦГИ

# ГIи-боцIи унтабаздаса цIуниялъул къагIидаби

**ГIи-боцIуда гьоркьор цунтрузул унтаби загьирлъана гIи-боцIи хьихьун, гьездасан пайда босизе лъаралдаса нахъе ва жакъа къоялдеги гьел хутIулел руго жеги рахунел унтабаздасаги зарал кьолеллъун. Цунтрузул ва гьезие хаслъиялъул цойгидал хIурпул ккола, щибго къаркъалаялъе мунпагIатги гьечIел ва гIадамасул, гIи-боцIул чорхолъа би ва цойгидаб цIцIун жидеца бетIербахъи гьабулел жал.**

Гьел унтабаз унтараб гIи-боцIулъ хвел ккезе бегьула 25-30%, цо-цоязул 90%. ЦIикIкIарасеб хвел ккезе бегьула гьуърузул, бакьазул ва тIулил цунтруздасан. Цунтруз загIип гьабула къаркъала ва кинаб букIаниги бахунеб унтуде дандечIей къаркъалаялъул лъугIула. Дагьлъула тIинчI щвей ва бахъулеб продукция. Щибаб цунтрул ругеб чахъдал квас дагьлъула 250-300 граммалъ, цIайи 10 проценталъ, щибаб гIакдаца кьоларо лъагIалие 100-100 литр рахьдал. Цунтруз яги цогидал лъел къучIбуз цIураб ургьимес – тIул, гьуърул, бакьал гIодоре разе ккола. ХьихьарабгIи-боцIуде тIаде гьан гIураб къадаралда бахунаро. Хасал цунтрузул гIадамасеги буго хIинкьи. ТIаде балагьун лъалеб гьечIони, цунтрул ракулъги рачIунел гьечIони, лабораториялде битIула гIи-боцIул цIияб рак ва лъазе кIола гьезда цунтрул ругищан ва гьелъул хал нилъер районалъул лабораториялдаги гьабула.

Цо-цо нилъер гьанир рукIунел цунтрузул унтабазул бицен гьабилин:

Мониезиоз – рагIбалеб боцIул унти. Гьел руго халатал, цоцадаса тIутIун рачIунел цунтрул. Гьелъ унтула кьагIи, бачал 1,5 моцI баралдаса 8 моцIалде щвезегIан аслияб къагIидаялда, чIахIиял унтула дагьго. Цунтрузул халалъи бахуна 1-5 метралде ва гьез цIола бакьал ва кванараб жо хьвадизе нух къала, хIайван гьорола, жеги бакьалги рихьула. Гьеб унти бугел бачаз квен тола, риххел кIанцIула, гIемер бегула, захIматго тIаде бахьуна, цо-цо мехалъ гIадаллъараб жо гIадин лъугьуна, рильен хисула, хьвархьвадула, кIал чвахула, ракулъ цунтрузул гIисинал кескал рачIуна. Дараби гьарула цо моцI баралдаса апрель – май – июнь моцIаз 3 нухалъ. Дараби: мачIбилалъул 1% лъамалъи цIикIкIун бакьизе тун хадуб къагIазе 40 – 60 мл, бачазе 120-190 мл., фенбендазол 1 – 5 гр, вермитан, вальбазен, систаликс, альбендазол 3 – 30 мл. – гьел лъамалъаби руго, кьола альбеналъул 0,5 – 1 таблетка.

Диктиокаулез – гIи-боцIул хьегIи хухазул, бачазул цо сон базегIан ва тIадехун къанагIат, гьуърулъ рукIуна 8-15 см халалъи бугел чархил кунгIан тIеренал цунтрул. Гьез цIезарула гьуърузул мащаби. Цунтрул гьуърулъе ккун 15-20 къоялдасан гIи-боцIи хьегIула. Бокьоб радал тIаде раккилелде гIи цадахъго хьегIулеб рагIула, гьел цIилъуларо, квас дагьлъула, магIарзухъа жо чвахула, мегIер бакI-бакIалда лъулъала, ботIроде гьор рехула, дару гьабичIони, гIи-боцIулъ хвел ккола. Гьеб унти букIуна нилъер гьаниб кибго. Дару гьабизе ккола кватIараб ихдалги ва хасалихьеги. Дараби: нильверм, тетрамизол, фенбедазол порошокал 1 – 4 гр, левамизол, беламизол (уколал) 1-2 мл тIомоде гьоркье, вермитан, вальбазен, систаликс, альбендазол (лъамалъаби) 3 – 30 мл кIалдире. Альбеналъул 0,5 – 1 таблетка. Дараби руго ахирияб заманалда хIалтIизарулел ва росизе щолел.

Чуязул оксиуроз – хIакъикъаталда гьеб буго цунтрузул унти ва гьел руго гIисинал кунал гIадал. Дараби: пиперазин 10 – 20 гр порошок, фенбендазол порошок 2 нухалъ 2 сордо – къо гьоркьоб биччан, альбеналъул 1 таблетка, 45 кг цIайи хIисаб гьабун альбендазол ва гь. ц. Киналго гьал унтабазде данде дараби кьедал рак гIи-боцIул цунтрулгун цадахъ данде бакIарун тIаде дару щван ракьулъ лъезе ккола.

Дару кьелелде цебе хIайван 4 – 6 сагIаталъ ва кьун хадуб 4 сагIаталъ кваназе биччазе лъикIаб гьечIо.

Фасциолез (тIулалъул унти), дикроцелиоз (тIулил нацI) парафистоматоз (кванирукъалъул хIупрул). Гьеб лъабабго унтул бакки релъараб буго, гьездасан 2 ккола тIулил унти, цояб кванирукъалъул. Фасциолез, парафистоматоз – гьел унтаби магIарухъ рукIунаро, амма нилъер гьутабазда кирго рукIуна хьуцI хIалал бакIазда. Гьаб заманалда нилъер гIадамазулги гIиял гьутабазде гочунелъул, гьел унтабазул цIикIкIараб хIинкьи хутIулеб буго. Гьел унтабазде данде дараби гьаризе ва данде кколел дараби тIаса рищизе кутакалда захIмалъула. Гьезде данде ругел дараби руго кутакалда багьаял ва церекккараз мальъун гьарурал дараби данде ккечIолъиялъ ва гьабулеб заман лъачIолъиялъ, кидаго чIахIиял камиял ккола ва гIададисел расходал ккола. Гьаниб къваригIуна кIудияб гIелмияб лъай ва дару тIаса бищизе хIалтIул кIудияб хIалбихьи. Дараби кватIизе ва цудунго ккезе бегьуларо ва жиндир заманалда битIун даруги тIаса бищун ва гьединго лабораториялда ракул халги гьабун хIалтIи гIуцIани, хвел ккечIого, гIи-боцIи унтичIого букIине рес буго. Дараби гьаризе ккола гьутабаздаго ругел гIи-боцIуе октябрь, ноябрь, декабрь моцIаз, цо-цо нухалъ ва ихдал апрелалда. МагIарухъа гочун бачIараб гIи-боцIуе – ноябрь, декабрь моцIаз цо-цо нухалъ ва апрелалда лъабабилеб нухалъ. Фенбезол – порошок, альбазен – альбендазол – лъамалъаби, роленол, фасковерм, клозанбел – укол, фаскоцид, гельмицид – порошокал. Гьел гьаризе ккола инструкциялда цойгидал унтабазде данде рихьизарураллдаса 1,5 – 2 нухалъ цIикIкIун. Дару гьабулаго батIабахъизе лъазе ккола унтул хаслъаби. Дарабиги гьезда рекъон хIалтIизарула. Гьединлъидал гьел унтабазде данде дараби гьарулаго цIодорго рукIине ккола ва хIалбихьи бугев специалистасулгун дандбазе ккола.

**СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров,**
**Гумбет районалъул ветупраленияльул бетIерав ветврач,**
**РДялъул мустахIикъав ветврач**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Прокуратура разъясняет:

### Об отдельных категориях граждан, имеющих право на первоочередной прием

**В связи с принятием Федерального закона от 03.11.2015 № 305-ФЭ «О внесении изменения в статью 13 Федерального закона «О порядке рассмотрения обращений граждан Российской Федерации», статья 13 Закона дополнена частью 7, в соответствии с которой, отдельные категории граждан в случаях, предусмотренных законодательством Российской Федерации, пользуются правом на личный прием в первоочередном порядке.**

В целях выработки единой правоприменительной практики необходимо учитывать следующее.

В соответствии с пунктом 2 статьи 1 Закона Российской Федерации от 15.01.1993 № 4301-1 «О статусе Героев Советского Союза, Героев Российской Федерации и полных кавалеров ордена Славы» по вопросам, регулируемым данным Законом, указанная категория граждан принимается в первоочередном порядке руководителями и иными должностными лицами органов государственной власти и местного самоуправления.

Согласно статье 16 Федерального закона от 08.05.1994 № 3-ФЗ «О статусе члена Совета Федерации и статусе депутата Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации» по вопросам своей деятельности представители названного законодательного органа власти пользуются правом на прием в первоочередном порядке руководителями и другими должностными лицами федеральных органов государственной власти, органов государственной власти субъектов Российской Федерации, органов местного самоуправления, организаций независимо от форм собственности, лицами начальствующего состава Вооруженных Сил Российской Федерации, других войск и воинских формирований.

Кроме того, в соответствии с абзацем 7 пункта 1 Указа Президента Российской Федерации от 02.10.1992 № 1157 «О дополнительных мерах государственной поддержки инвалидов» инвалиды I и II групп пользуются правом внеочередного приема руководителями и другими должностными лицами предприятий, учреждений и организаций. При этом, согласно правовой позиции Конституционного Суда Российской Федерации, сформулированной в определении от 20.03.2014 № 606-0, данное положение Указа Президента Российской Федерации направлено на обеспечение для инвалидов возможности без очереди попасть на прием к руководителям и другим должностным лицам предприятий, учреждений и организаций, в том числе к должностным лицам государственных органов.

**Шамил Магомедов,**
**помощник прокурора Гумбетовского района,**
**юрист 2 класса**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**


БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.